

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan ngeunaan léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda nyoko kana tujuan anu geus dirumuskeun saméméhna, implikasi, jeung rékoméndasi.

5.1 Kacindekan

Tina hasil panalungtikan ngeunaan léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda, bisa dicindekkeun yén kapanggih aya 365 léksikon anu nuduhkeun aktivitas awak sakujur. Sakabéh léksikon anu kapanggih saterusna dihartikeun dumasar kana ma'na léksikalna. Laju sakabéh léksikon dipasing-pasing dumasar kana ngaran babagian awak anu digunakeun pikeun aktivitas nyaéta sirah, panon, sungut, leungeun, suku, ceuli, jeung awak sakujur. Sanggeus dipasing-pasing sarta kapanggih ma'na léksikalna, tuluy dianalisis dumasar kana komponén ma'na pikeun méré déskripsi ma'na anu nuduhkeun aktivitas sacara déskriptif atawa ma'na anu saenyana, luyu jeung acuanana.

Tina hasil analisis data, kapanggih aya 30 léksikon aktivitas sirah, di antarana nganggut, ngabalieur, celengang, ticengklak, culang-cileung, dangah, gigdeug, godeg, gogodeg, ngahédén, ngaheluk, ngaheruk, nyanghulu, tikelay, kerung, kewung, ngaléhléh, ngalenggak, ngalenggut, ngalieuk, ngalinggek, manggut, nyuuh, nyoréang, nyundul, tanggah, nenggak, tungkul, jeung unggeuk.

Léksikon aktivitas panon kapanggih aya 35, di antarana beunta, bireungeuh, buncelik, burial buncelik, nyileuk, ngadelék, ngadilak, gular-giler, ngilikan, ngintip, nyeueung, ngécéng, ngerejep, ngiceup, muncereng, mé létét, méndéléng, meleng, melong, mencrong, merong, meureudeuy, peureum, molotot, mureleng, ngarérét, nyawang, nyérangkeun, tanggah, nénjo, nelele-nelele, nempo, nengetan, nilik-nilik, jeung noong.

Léksikon aktivitas sungut kapanggih aya 41, anu kabagi dumasar kana babagian awak nu kawengku ku sungut, di antarana biwir anu mibanda 12 léksikon aktivitas saperti balem, ngabegég, nyengir, nyium, imut, imut kanjut,

imut ngagelenyu, jebi, kényom, kéom, kunyam-kunyem, lewa-lewé, jeung manyun. Huntu mibanda 12 léksikon aktivitas, nyaéta meuweung, nyapéék, ngagarogot, ngégél, ngemil, kumerot, ngokos, renyah-renyééh, ngarényohan, renya-renyu, nyéréngéh, jeung seuri. Létah mibanda dua léksikon aktivitas, nyaéta ngelél jeung ngalétak. Tikoro mibanda opat léksikon aktivitas, nyaéta ngalegleg, neleg, nelen, jeung neureuy. Sungut mibanda 10 léksikon aktivitas, nyaéta calangap, calawak, nyapluk, nyokrok, kekemu, ngenyot, ngolomoh, ngalamot, ngangah, jeung nenggak.

Léksikon aktivitas leungeun kapanggih aya 152, anu kabagi dumasar kana babagian awak anu kawengku ku leungeun, di antarana ramo anu mibanda 26 léksikon aktivitas, nyaéta ngabibis, nyapa, nyapit, nyawél, nyetrékkkan, nyileuh, nyolék, nyomot, ngajembél, ngajempol, ngéprét, keupeul, ngeupeul, ngobet, mencét, pepereket, meureup, meuseul, ngarames, ngarampa, nyintreuk, suten, ninjel, ninjul, noél, jeung nunjuk. Kuku mibanda tujuh léksikon aktivitas, nyaéta nyakar, gagaro, ngodék, ngoét, ngorowot, néké, jeung nindes. Dampal leungeun mibanda 17 léksikon aktivitas, nyaéta nyabak, nyabok, nyabak, nyanggeum, émprak, ngagélang, ngagesek, keprok, ngepuk, ngetig, ngaragap, ngarawu, nyasaran, nampiling, nanggeuy, nepak, ngusap. Siku ukur mibanda hiji léksikon aktivitas, nyaéta nyiku. Taktak mibanda ukur mibanda hiji léksikon aktivitas, nyaéta manggul. Leungeun mibanda 100 léksikon aktivitas, nyaéta ngacung, ngais, ngakeup, ngakod, ngalungkeun, ngangsirodkeun, ngasod, ngasrod, ngawurkeun, ngayun, mubat-mabit, ngababuk, ngabalangkeun, malédog, ngabedol, ngabekem, metot, ngabeubeutkeun, meulah, nyabut, cécéwok, nyekék, nyekel, nyentok, nyewol, nyocol, nyoél, nyokél, nyokot, nyolok, ngadedetkeun, ngadempét, ngadengkék, ngadongkang, ngadudut, ngagandong, ngagebug, ngagisik, ngagupayan, gugupay, ngagusur, ngajambret, ngajingjing, ngaléng, ngélék, ngenyang, ngenyed, ngeumbing, keupat, ngeukeuweuk, ngobok, ngodok, maléngpéng, mangkon, mangku, mangpéng, marieuskeun, marilitkeun, maut, mékprék, meres, metik, meureut, mipit, dipiting, moréat, mulut, muntang, ngarampas, ngarawél, ngarebut, ngaroés, nyangkéh, nyéréd, nyembah, sibanyo, sidakep, nyigeung, nyiuk, nyodorkeun, nyorong, nyuntrungkeun, nyurung, nyusut,

nadahkeun, nakis, nakol, naleukeum, nalian, nangkeup, nangkeup harigu, nangkeup sirah, narik, nénggor, neunggeul, nimbul, nodél, nonjok, nungkup, jeung nuyun.

Léksikon aktivitas suku kapanggih aya 34, anu kabagi dumasar kana babagian awak nu kawengku ku suku, di antara dampal suku anu mibanda lima léksikon aktivitas, nyaéta ngadampal, ngajejek, nalipak, néjéh, jeung nincak. Keuneung mibanda dua léksikon aktivitas, nyaéta jéngké jeung nénjrag. Pingping mibanda tilu léksikon aktivitas, nyaéta andéprok, émok, jeung émok cabok. Bitis mibanda tilu léksikon aktivitas, andéprok, émok, jeung émok cabok. Ramo suku mibanda dua léksikon aktivitas nyaéta nyapit jeung najong. Tonggong suku mibanda hiji léksikon aktivitas, nyaéta nalapung. Suku mibanda 21 léksikon aktivitas, nyaéta ngadeg, ajeg, sila andekak, babajeg, nyengkéd, ngadéngkak, ngadempét, engké-éngkéan, ngéréd, ngajémprak, ngoér, ngaléngkah, leumpang, lumpat, pépéyékéhan, ngaréngkas, nyépak, nangtung, néngkas, nokér, tumpang kaki, sila tumpang.

Léksikon aktivitas ceuli kapanggih ukur dua léksikon aktivitas, nyaéta ngadéngé jeung mireng.

Léksikon aktivitas awak sakujur kapanggih aya 76, nyaéta andegléng, angkog-angkogan, anjeucleu, babadug, malik, ngabebengkang, ngabirigidig, calik, campego, candeluk, cingogo, cangokngok, célégénéng, nyelegon, cengkat, cinutrong, culangeuk, ngadangheuk, ngadangkak, ngadapang, ngadayagdag, ngadégdég, ngadekem, ngadengklang, ngadepong, diuk, dongko, ngagéléhé, ngagibeg, gigibrig, ngagidir, nyanggir, ngagolédag, ngagolér, ngagurinjal, jijingklak, ngarandang, ngedeng, keteg jajantung, ngodomang, ngojay, ngorondang, nguliat, ngulisik, ngalageday, ngalahun, lalanggiran, ngalangsud, mando, ngabaheuhay, ngabebengkong, ngalempréh, nyanda, méngpéléhé, morongkol, ngarongkong, ruku, nyangheuy, nyanghunjar, nyangkéré, nyangkorah, nyarandé, sidéngdang, sideuha, sila, nyangirah, sujud, nyungkem, nangog, nanggeuy gado, nanghujar, nangkarak, nangkuban, nonggéng, sila tutug.

Dumasar kana struktur léksikalna, léksikon aktivitas awak sakujur kabagi jadi sababaraha struktur léksikal, di antarana léksikon aktivitas sirah mibanda tilu

wanda struktur léksikal, nyaéta sinonimi, antonimi, jeung homonimi. Léksikon aktivitas panon mibanda tilu wanda struktur léksikal, nyaéta sinonimi, antonimi, jeung hiponimi. Léksikon aktivitas sungut mibanda tilu wanda struktur léksikal, nyaéta sinonimi, antonimi, jeung hiponimi. Léksikon aktivitas leungeun mibanda tilu wanda struktur léksikal, nyaéta sinonimi, hiponimi, jeung sawanda. Léksikon aktivitas suku ukur mibanda hiji wanda struktur léksikal nyaéta sinonimi. Kitu deui léksikon aktivitas ceuli ukur mibanda hiji wanda struktur léksikal nyaéta sinonimi. Pamungkas léksikon aktivitas awak sakujur mibanda dua wanda struktur léksikal, nyaéta sinonimi jeung hiponimi.

5.2 Implikasi

Dina enas-enasna léksikon téh bagéan tina prosés kognisi, nu mangaruhan jalma dina ngawasa hiji basa. Jalma nu ngawasa ide atawa gagasan nu lega, jadi salah sahiji tanda yén manéhna ngawasa kabeungharan kecap anu lega ogé. Dina prosés komunikasi sapopoé remen kapanggih jalma nu teu paham kana kontéks obrolan, lantaran kurang ngawasa kana léksikon hiji basa. Ku kituna, ngawasa léksikon jadi hal anu kacida pentingna dina komunikasi sapopoé, sangkan ngahasilkeun komunikasi anu jelas tur éféktif, luyu jeung kaidah-kaidah nu aya.

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pamahaman ka masarakat husuna nu maca ngeunaan léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda. Ieu panalungtikan méré ciri anu béda jeung kamus dina ngadéskripsikeun ma'na atawa harti, sabab luyu jeung acuan anu nuduhkeun aktivitas awak. Ku cara nganguar sakumna léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda, aya udagan anu hayang dihontal, nyaéta lian ti mikawanoh sakumna léksikon dina basa Sunda anu nuduhkeun aktivitas awak sakujur, ogé ngaguar ngeunaan analisis komponén ma'na pikeun méré déskripsi nu saenyana kana unggal léksikon. Kitu deui masarakat, ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi pangdeudeul dina komunikasi sapopoé, hususna dina ngalarapkeun léksikon dina tataran kalimah.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda, diguar ngagunakeun ulikan sémantik jeung struktural, bisa méré gambaran yén élmu basa bisa dimangpaatkeun dina sagala widang kahirupan. Ku kituna, élmu basa lain ngan saukur medar bener jeung salah dina prosés makéna basa, ogé bisa medar ma'na nu aya disajeroeunana.

Hasil panalungtikan ngeunaan léksikon awak sakujur din basa Sunda téh raket patalina jeung lingkungan sabudeureun urang, hususn awak urang sorangan. Urang Sunda mibanda réson anu kuat kana lingkungan sabudeureunna. Léksikon aktivitas awak sakujur mangrupa kumpulan léksikon nu nerangkeun rupa-rupa aktivitas nu biasa dilakukeun ku awak urang sorangan. Ku kituna, ulikan semantik cocog pikeun ngaguar patalina léksikon jeung ma'na nu dikandungna, katut unsur-unsur séjén nu aya dina wengkuan sémantik. Ku kituna, ulikan atawa panalungtikan léksikon aktivitas awak sakujur téh mikabutuh beungkeutan pangaweruh nu lega, jero, jeung jembar. Utamana pangaweruh ngeunaan basa, pangaweruh global, jeung pangalaman.

Pikeun panalungtik anu bakal nalungtik léksikon, hususna léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda, dipiharep sangkan leuwih imeut jeung daria, ku sabab waktu jeung merlukeun pisan kataliténan, sangkan taya data nu kaliwat. Lian ti éta, nganalisis atawa medar katatabasaan jiga perkara anu gampang, tapi disajeroeunna bakal kapanggih hal-hal anu di luar prakiraan urang.